waaw ndax su ma jullee julliy farata yi, woor weeru koor, daganal yi dagan, araamal yi araam

Jële nañu ci Abuu Abdulla Jaabir ibn Abdallah Al-Ansaarii yal na leen Yàlla dollee gërëm: Benn waay dafa laaj Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: waaw ndax su ma jullee julliy farata yi, woor weeru koor, daganal yi dagan, araamal yi araam, te dolliwuma ca dara, ndax dinaa dugg àjjana ? Mu ne ko: "waaw".

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Leerarug hdiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne ku julli julliy juróom yi nu farataal, te tegu ca ay naafila, woor weeru koor te tegu ca ay coobare wu, lu dagan mu gëm ne dafa dagan mu def ko, lu araam mu gëm ne dafa araam mu moytu ko, kooku dana dugg àjjana.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/66525